



VIL BOSTON

# Inspectional Services Department

Majistra Martin J. Walsh

1010 Massachusetts Ave., Boston, MA 02118

## **Yon Entwodiksyon nan Klasman Restoran**

Depatman Sèvis Enspeksyon Divizyon Sante (ISD) enspekte tout restoran ak kamyon manje mobil yo omwen yon fwa pa ane pou konfòmite avèk kòd sante ak sanitasyon. Apati 10/18/2016, enspeksyon sa yo ap evalye e yap tradwi nan yon nòt A, B, oswa C.

### **Kijan yo Klase Enspeksyon yo?**

Chak restoran kòmanse enspeksyon an avèk 100 pwen. Pwen yo dedwi pou chak vyolasyon enspektè a obsèvè, avèk valè pwen ki asiyen daprè risk sante vyolasyon an poze pouiblik la. Yo konte nòt la lè enspeksyon an fini. Plis nòt la pi elve, se pi bon pèfòmans restoran an genyen nan enspeksyon an.

Vyolasyon yo klase nan twa kategori:

- 1. Yon vyolasyon alimantè grav**, tankou neglige pou kenbe manje nan yon tanperati ki ansekirite, pote yon pi gwo risk maladi akoz de manje a ak yon penalite de 10 pwen.
2. Yon vyolasyon **grav**, tankou neglige pou make komsadwa etikèt ak dat anbakman manje yo, pote yon penalite de 7 pwen.
3. Yon vyolasyon ki **pa-grav**, tankou neglige pou netwaye komsadwa mi, plafon, oswa lòt sifas kontak ki pa manje, pote yon penalite de 2 pwen.

Chak ka vyolasyon lakoz nan yon penalite. Pa egzanp, si enspektè a obsèvè twa (3) atik separe sou yon vèselye ke yo pat kenbe nan yon tanperati apwopriye, yap aplike yon penalite 10-pwen pou chak atik, sa ki lakoz nan yon dediksyon de 30-pwen.

### **Kijan Klasman vini Nòt?**

Klasman yo konvèti nan nòt ki annaprè yo:

- Yon nòt de 94 a 100 pwen lakoz nan yon **A**.
- Yon nòt de 81 a 93 pwen lakoz nan yon **B**.
- Yon nòt de 80 oswa mwens pwen nan yon **C**.

Konvèsyon sa fèt pou deziyen pratik pèmanan Divizyon Sante pou pèmèt yon restoran pase yon enspeksyon avèk jiska twa (3) vyolasyon ki pa grav ak pou asire ke pi gwo nòt yo rezève pou restoran yo ki gen mwens vyolasyon grav.

Nan ka kote yon restoran resevwa yon nòt ki fèb anpil, ISD ap pran aksyon adisyonèl jan sa nesesè, jiska pou enkli fèmti tanporè restoran an. Divizyon Sante a ap travay avèk restoran yo ki gen yon nòt fèb pou amelyore pratik yo ak reyalize konfòmite avèk kòd sanitè yo.

### **Kilè yo evalye yon Restoran?**

Si yon restoran resevwa yon nòt **A** nan premye enspeksyon I. yap afiche nòt la sou sitwèb Vil la. Si yon restoran pa *resevwa* yon nòt **A** nan premye enspeksyon an, re-enspeksyon an ap fèt otomatikman nan lespas 30 jou, e nòt li resevwa nan re-enspeksyon an ap afiche. Si restoran pa satisfè avèk nòt li te resevwa nan re-enspeksyon an, li ka peye pou yon lòt re-evalyasyon apre lè fonksyonman, nan ka sa re-evalyasyon an ap ranplase nòt re-enspeksyon an. Nan premye ane pwogram nan, restoran ka chwazi si ou non pou l'egalman afiche nòt la nan lokal la. Apre premye ane a, afichaj nan lokal la obligatwa.

Etablisman yo ki vann manje anbale pou lavant andetay, men ki pa sèvi manje, pa klase.

Restoran yo ki gen nòt fèb ap enspekte (epi klase) pi souvan, nan fason ki annaprè a:

- Restoran yo ki resevwa yon nòt **A** ap enspekte omwen yon fwa pa ane.
- Restoran yo ki resevwa yon nòt **B** ap enspekte omwen yon fwa chak sis mwa.  
Restoran yo ki resevwa yon nòt **C** ap enspekte omwen yon fwa chak twa mwa.

### **Pou w Jwenn Plis Enfòmasyon:**

[Yon Gid pou Klasman Restoran de A a C](#)

[Fè Nòt: Yon fèy Travay Oto-Evalyasyon](#)

[Estanda Sanitasyon MA pou Etablisman Manje](#)